**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARGI HAM ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATINDAGI NOKIS MAMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ**

**Tarıyx fakulteti**

**Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası**

**5110500 - «Geografiya oqıtıw metodikası»tálim baǵdarı 4 a kurs studenti Ibadullaeva Biybisaranıń**

**«Geografiyalıq atamalar klassifikaciyası» atamasındaǵı**

# PÌTKERÌW QÁNÌGELÌK JUMİSİ

**Talaba:** **Ibadullaeva B.**

**Ilmiy basshı:** **doc. Q.Seitniyazov**

**Kafedra baslıǵı:** **doc. G.Utepova**

**Nókis – 2021**

Pitkeriwshi talaba ___________________________________

«Geografiyalıq atamalar klassifikaciyası» temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısı «Geografiya oqıtıw metodikası» kafedrasınıń 2021-jıl «___» ___________ kúngi «__» san protokolı tiykarında mámleketlik attestaciya komissiyasına jaqlawǵa jiberiwge usınıs etildi.

«Geografiya oqıtıw metodikası»
kafedrası baslıǵı: G.Utepova

Pitkeriwshi talaba «Geografiyalıq atamalar klassifikaciyası» temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısı institut rektorınıń 2021 jıl «___» ___________ kúngi «_____» san buyrıǵı menen mámleketlik attestaciya komissiyasına jaqlawǵa jiberildi.

Mámleketlik attestaciya komissiyası qararı menen___________________________ pitkeriw qánigelik jumısına ___ ball qoyıldı.

## Mazmuni


| | | |
|---|---|---|
| | Kirisiw…………………………………………………………… | 4 |
| 1- BAP | Toponimikanıń rawajlanıw tarıyxı…………………………….. | 7 |
| 1.1 | Toponimikanıń izetleniw tarıyxı, pa`nin` maqseti ha`m waziypalari | 7 |
| 1.2 | Geografiyalıq atamalardıń toparlarǵa bóliniwi………………….. | 14 |
| 1.3 | Geografiyalıq atamalardıń payda bolıw sebepleri………………. | 17 |
| II-BAP | Geografiyalıq atamalar klassifikaciyası ham izetlew usılları…. | 28 |
| 2.1 | Geografiyalıq atamalardıń klassifikaciyası…………………… | 28 |
| 2.2 | Toponimikalıq izetlewler  usılları……………………………… | 33 |
| | Juwmaqlaw……………………………………………………… | 38 |
| | Omir qawipsizligi…………………………………………….. | 41 |
| | Paydalanılǵan  ádebiyatlar…………………..………………… | 47 |

## KÌRÌSÌW

**Temanıń aktuallıǵı.** Geografiyalıq atamalar – jer – suw atamaları, yaǵnıy toponimlerdi, olardıń mánisin, mazmunın, kelip shıǵıwın hám tarıyxın ùyreniwge oǵada kóp áhmiyet berilmekte. Hár bir toponimda qanday da bir máni – tarıyxıy, uyreniwshi maǵlıwmat jasırınǵan. Sebebi hár qanday geografiyalıq atama qanday da bir mánini ańlatadı, bıraq kóp jaǵdaylarda toponimlar házirgi xalıq ushın túsiniksiz bolıp qalǵan. Negizinde mánissiz atama bolmaydı.

Jer atamaları tereń ilmiy, sıyasıy, praktikalıq hám tárbiyalıq áhmiyetke iye. Jámiyet tarıyxında bolıp ótken hár túrli waqıyalar jer atamasında belgilenip qalǵan. Kópshilik geografiyalıq atamalar jerlerdiń tábiyiy jaǵdayı (reliefi, ósimlik hám haywanat dùnyaları), xalıqtıń xojalıq jumısınan informaciya beredi.

Házirgi jámiyetti, zamanagóy civilizaciyanı, xaıqlar hám mámleketler ortasındaǵı hár qanday baylanıslardı geografiyalıq atamalarsız kóz aldına keltirip bolmaydı. Mádeniyat hám pánniń rawajlanıwı, kòbirek tarqalıp atırǵan xalıqlar ara baylanıslar tilimizde geografiyalıq atamalardı barǵan sayın kòbirek isletiwge alıp keledi. Bul toponimlardıń tek bir tárepi – adreslıq funkciyası esaplanadı.

Jerde hár qanday geografiyalıq obekttiń óz adresi bar. Hár bir adam ushın bul adres tuwılıp ósken jerinen baslanadı.

Toponimlardıń áhmiyeti tek usıdan ibarat emes. Bunday dep túsiniw geografiyalıq atamalardıń mazmunınıń qırların hám hár túrli informaciyalar deregi ekenligin kórsete almaydı. Geografiyalıq atamalar – toponimiyalar ásirler asa xalıq dòretiwshiliginiń biybaha miywesi esaplanadı.

**Jumıstıń maqseti.** Toponimika pániniń maqseti, geografiyalıq termin hám atların úyreniw, olardıń ayrıqsha belgilerin anıqlaw, termin hám atlardıń payda bolıwı, mànisin analiz qılıw. Pánniń wazıypası arnawlı bir tildegi geografiyalıq atlardı toplaw, olardıń rawajlanıwın úyreniw, araellardı anıqlaw, atlardıń leksikalıq-sematikalıq, grammatikalıq qásiyetlerin tùsiniw, toponimika sózlikler dúziw, jay atları transkripciyası sıyaqlı máseleleri menen shuǵıllanıw.

Geografiyalıq atamalar hár tùrli tarıyxıy sharayatlar hám tiller jiynaǵınıń tiykarı esaplanadı. Sonıń ushın da tarıyxshılar, arxeologlar hám etnograflar toponimikaǵa elede kóbirek itibar bermekte. Geografiyalıq atamalar òtken dáwirlerde xalıqtıń kóshiwi, ózara sóylesiwleri, hár túrli eller jasap ótken jerleri haqqında maǵlıwmat beriwi múmkin.

Dùnyada qansha geografiyalıq atama bar ekenin hesh kim bilmeydi. Maydanı Ózbekstanǵa teń bolǵan Shveciyada 12 millionnan artıq toponim anıqlanǵan. Úlken, kishi barlıq geografiyalıq obektlerdiń atamaları aqtarilip esapqa alınsa, Respublikamızda da jer atamaları onnan kem emes. Tek qala awıllardıń ózi 13 mıńnan asadı. 1:200 000 masshtablı geografiyalıq kartadaǵı relief formaları – oronimlar menen suw obektleri atamaları (gidronimlar) sanı 10 mıńǵa baradı. Bir ǵana paytaxtımız Tashkent qalasında 3 mıńnan artıq úlken-kishi kóshe bar.

Geografiyalıq atamalar áyyemgi zamanlardan payda bola baslaǵan. Waqıt ótiwi menen toponimniń forması, aytılıwıda belgili dárejede ózgerip ketken. Geografiyalıq atamalardıń ómiri hár-túrli boladı. Xorezm, Samarqandqa usaǵan toponimlerdiń jazba esteliklerde jazıla baslaǵanına 2 mıń jıldan astı, basqa bir atamalar, ásirese kishkene obiektlerdiń atamaları bir neshe on jıldayaq ózgerip ketse de, bıraq adamlar yadında, hújjetlerde saqlanıp qalıwı múmkin.

Tosinnan hám mazmunsız atama bolmaydı, sonıń ushın da túrli jónelis alımları toponimlardı úyreniwge úlken itibar qaratadı.

Rus almı N.I.Nadejdin 1837 jılda-aq tòmendegishe degen edi: “Toponimika – bul jerdiń tili, al jer bolsa, sonday kitap, adamlar tarıyxı bul kitapqa geografiyalıq atamalardan san qılınadı”.

Toponimikanıń qádirine jetken ayrım tarıyxshılar etnogenez mashqalaların joq qılıwda jer atamaları onlaǵan qala qaldıqları hám áyyemgi áwlelerge qaraǵanda yamasa àyyemgi avtorlardıń uzın qısqa *tekstlerge* qaraǵanda isenimlirek ekenligin tán aldı, basqa bir alımlar “Jer tili” xalıqtıń óz tarıyxı haqqında toqıp aytıp bergenlerinen kóre kóbirek maǵlıwmat beredi, deydi.

Toponimikalıq maǵlıwmatlardan anıqlanıwınsha, bólek bir jerdiń toponimiyası basqalardıń toponimlarınan  leksikalıq, hám fonetikalıq jaqtan azlı kem bolsada parıq qıladı.

**Jumıstıń strukturalıq dúzilisi hám kólemi.** Pitkeriw qàniygelik jumısı kirisiw, eki bap, juwmaq hám ádebiyatlar diziminen ibarat bolıp, 48 betti quraydı.

# I-BAP TOPONIMIKANİŃ RAWAJLANİW TARİYXİ

## 1.1.Toponimikanıń izetleniw tarıyxı, pánniń maqseti hám wazıypaları.

Geografiyalıq atlar ásirese olardıń ruwxıy àhmiyetke qızıġıw, qádimgi greklerde payda bolġan. Toponimikalıq kishi maqalalar Gerodottıń "Tarıyx", Strabonniń "Geografiya", Diodor Siciliyskiydiń "Biblioteka" hám basqa grek alımlarınıń shıġarmalarında ushraydı. Geografiyalıq atlar qádimgi rus jılnamalarında "Slova o polku Igoreve", "Kniga Bolshomu cherteju" hám basqalarda da ushraydı. Bularda tek ġana geografiyalıq atlar keltirilmesden bálkim olardıń kelip shıġıwın anıqlawġa da umtılıwlar bolġan.

Túrkstan territoriyasında orta àsirlerde jasap dóretpeler jazġan alımlar (Abu Rayxon Beruniy, Maxmud Qashqariy, Babur hám basqalar) dóretpelerinde toponimikanıń tiykarġı qıyınshılıqları qarap shıġıldı. Mısalı, Abu Rayxan Beruniy IX àsirde bir territoriyanı basqa tilde sóyleytuġın xalıq, qáwim basıp alsa atlar tez ózgeredi. Olardıń sóylew aġzaları atların nadurıs aytadı hám usınday etip óz tiline ótkizedi.Bul greklerde kóbirek ushıraġan. Olar dáslep sózdiń mánisin aladı, bıraq atlar ózgerislerge ushrawı múmkin. Usınday jol menen grekler hám arablar tùrk tilindegi kóp geografiyalıq atlardı buzıp jazġan.

Orta ásirlerde dóretpeler jazġan Maxmud Qashqariy toponimika rawajına úlken úles qosqan. Bul alım "Devonu luġatit turk" atlı shıġarmasın jazıp qaldırġan. Házirgi zaman kóp alımlarınıń pikirinshe bul shıġarma orın atları sózligi desek te boladı. Maxmud Qashqariy óz shıġarmasına bir kartanı qosıp qoyġan, onda 200 ge jaqın geografiyalıq atamalar (mámleketler, qalalar, awıllar, tàbiyiy - geografiyalıq obiektler) keltirilip, olarġa geografiyalıq hám etimologik túsindirmeler bergen. Ol tùrk tili toparına kiriwshi derlik hámme tillerdi úyrengen.

Zahiriddin Muhammed Babur óziniń "Baburnama" shıġarmasında

geografiyalıq atlarǵa úlken itibar qaratqan. Bul shıǵarmada júdá kóp geografiyalıq atlar ushratıladı hám olarǵa túsindirmeler beriledi. Geografiyalıq atlarǵa rus alımları da úlken itibar qaratqan. Bulardan V.N. Tatishev, A.X. Vostokov, V.I. Dal, N.P. Borisov, N.I. Berezin, V.P. Simenov Tyan-Shanskiy, N.I. Nadejdin hám basqalardı kórsetsek boladı. Rossiyada toponimikanı úyreniwde N.I. Nadejdinniń roli úlken bolǵan. Onıń pikirinshe tarıyxtıń birinshi beti geografiyalıq landkarta bolıwı kerek. Landkartanı úyreniw tárıyxtı úyreniwden baslanıwı kerek. Solay etip Nadejdin toponimik izetlewlerde birinshi bolıp karta usılların qollaw máselesin kóterip shıqtı. Ol toponimlerdi úyreniwde asıǵıslıqqa qarsı shıǵadı. Onıń jazıwınsha, sóz biziń qálewimizde ol qáwendersiz, onnan hàr túrli mánini shıǵarıw múmkin. Onıń pikirinshe tarıyxtı úyreniw geografiya kartaların tallaw menen baslanıwı kerek. Nadejdin toponimika - bul jer tili degen mánini birinshi bolıp aytqan.

XIX àsirdiń aqırlarınan baslap toponimikaǵa qızıǵıw kúsheydi. Geografiyalıq atamalardı úyreniw ushın jámiyetler dúziledi. Mısalı AQSh ta 1890-jılda geografiyalıq atlar Byurosı payda etilgen. Rossiya geografiya jámiyeti qasındaǵı geografiyalıq terminlerdi úyreniw komissiyası payda etilgen. Komissiya 400 den artıq geografiyalıq terminlerden sózlik dúziwde Nadejdin, Dal hám basqalar qatnasqan. XX àsirdiń 40-jıllarınan baslap toponimika páni tez rawajlana basladı. Bul dáwirden baslap toponimikanıń názeriy qıyınshılıqlarına da úlken itibar berile baslaydı. E.M.Murzaev, V.A.Nikonov, A.I.Popov, V.A.Jushkevich, X.X.Xasanov, E.N.Pospelov, S.Qoraev, A.V.Superanskaya, A.Muminov, F.Ġulomov hám basqalar toponimika pániniń rawajına úlken úles qostı hám qosıp kelmekte.

Házirgi waqıtta ilimiy izetlew jumısları kòbinese bir neshshe pánlerdiń maqseti tutasqan jerde unamlı rawajlanbaqta. Geografiyalıq atamalardı ùyreniwshi toponimika-sonday pánler qatarına kiredi. Toponimika ilim sıpatında, sońgı ásir dawamında tez pát penen rawajlanbaqta. Sebebi, ilimniń uyreniw obiekti menen geografiyalıq atama – milliy hám mánáwiy qàdiriyatlardıń ajralmas bòlimi

esaplanadı, olardı ùyreniw hámme waqıt áhmiyetli másele bolıp esaplanadı. Ásirese, jámiyet, ilim-pánniń tez pát penen rawajlanǵan házirgi dáwirde, geografiyalıq obiektlerdiń atamalarına qoyılatuǵın talaplarda òzgerip barmaqta. Nátiyjede, geografiyalıq atamalarǵa bolǵan qızıǵıw, waqıttıń òtiwi menen kemeygen emes, kerisinshe sezilerli dárejede kòbeydi.

Sońǵı waqıtlarda jer atamalarınıń kelip shıǵıw nızamshılıqları, tarıyxıy qatlamları, toponimler klassifikaciyası tùrleri, geografiyalıq obiektlerdiń atamalanıw jaǵdayları hámde olardıń izetleniw metodları máseleleri kòpshilik qániygelerdi qızıqtırmaqta. Sonı da aytıp ketiw orınlı, bùgingi kùnge deyin, hátte Sovet dáwirinde de toponimika páni boyınsha arnawlı oqıwlıqlar bolmaǵan. Sońǵı jılları baspadan shıqqan S.Koraev (Toponimika. T., 2006.-320 b.) hám A.Nizomov (Toponimika. T.,2012.-120 b.) lardıń oqıw qollanbasınan paydalanıp kelingen.

Bizdi qorshap turǵan hár qanday geografiyalıq obiekttiń ataması bar, olar obiektlerdi bir- birinen ajıratıp turıw ushın xızmet etedi. Sol sebepten, tildegi kòplegen sòzler atamalarǵa (ataqlı atqa) aylanǵan. Sizler menen buyumlardı (kitap, stol, stul, telefizor), tirishilikti (adam, qus, xaywan, òsimlik), qıyalıy tùsiniklerdi (quwanısh, ǵázep, gòzzallıq h.t.b.), sıpat hám qásiyetlerdi (jaqsı, ùlken, jaman, tereń, miynetkesh) hám basqalardı aytıwǵa boladı. Bul sòzlerdiń hár biri anıq bir predmetke tiyisli emes, bıraq uqsas predmetlerdi belgileydi.

Basqasha aytqanda, olar túrles atlar, yaǵnıy, apellyativler (latınsha, appellativum-*“ataqlı attıń sáwlesi”*) esaplanadı. Bıraq, tilde sonday sózler de bar, olar tek bir predmet eki obiektke tiyisli hám sóz onı basqalardan parq qılıwı ushın xızmet etedi. Bunday sóz eki sózler birikpesi ataqlı at dep ataladı. Ataqlı at – birde bir geografiyalıq obiektti basqa obiektlerden parq qılıw ushın xızmet qılatuǵın sóz eki sózler birikpesi, ònim: Mırzashól, Tashkent, Samarqand h.t.b. Geografiyalıq atamalar, yaǵnıy, toponimler (grekshe, topos - “*jer, mákán”*; onima - *“at”*) hám ataqlı atlar bolıp, onıń eń rawajlanǵan túri. Hár bir geografiylıq obiekttiń óz atı bar, ol jerdi birde bir ózgesheligin eki obiekt penen baylanıslı tarıxıy waqıya-

hádiselerdi ózinde kórsetken ápiwayı sóz benen jerdiń baylanısı esaplanadı.Geografiyalıq atamalar «óli» sózler emes, bálkim túpkirinde xalıq ómiri, tarıyxı, tili hám soǵan uqsas basqa kóplep sırlardı asırap atırǵan ruwhıy ǵáziynesi.

Toponimler álemi túrli túrli hám qızıq. Insan payda bolǵanınan berli sanaqsız hám qıyın atamalar dúnyasında jasaydı.Jerde hár túrli dáwir hám tilge tiyisli millionlap geografiyalıq atamalardıń uyǵunlıǵın kóriw múmkin. Olardı hár kúni radiodan esitemiz, gazetada oqıymız, tele ekranlarda hám kompyuter monitorlarında kóremiz. Atlas hám geografiyalıq kartalardı atamalarsız kóz aldına keltiriw qıyın. Ómirde bolıp ótken yamasa bolıp atırǵan kóplep waqıyalardı geografiyalıq atamlar arqalı túsinip alıw múmkin.

Qànigelerdiń aytıwınsha, atamanıń mánisi obiektke atama berilip atırǵan waqıtta áhmiyetli, keyinshelik ol názerden bıraz shette qaladı. Sol sebepli, kóbinese bizge jaqsı tanıs bolǵan geografiyalıq atamalardı da qanday mánige iye ekenligin bilmeymiz, tek zàruryat payda bolǵanda ol haqqında oylaw kerek boladı. Ulıwma, insan onıń tuwrıdan tuwrı átirapta bolıp atırǵan waqıya hádiselerge qaramastan qalmaydı. Sol sebepli, adamlar názerine túsken dúnyadaǵı hámme nárseniń ataması bar, demek insan at bermesten jasay almaydı. Adamlar bir geografiyalıq obiektti, ekinshisinen parıq qılıw ushın túrli  atamalardı oylap shıǵarǵan. Basqasha aytqanda, jámiyet ómirinde bolıp ótken hár túrli waqıyalar jer atamalarında belgilenip qalǵan.

*H.Hasanov* aytqanınday, atamalardıń óz tarıyxı, xalıq, qàwim, tàbiyat, xojalıq, hádiyse hám shıǵarma mansubligi bar. Eger atamalar tarıyxı tilge kirse, tawlar hám suwlardıń qàsiyeti, ósimlikler, haywanat túrleri, sawda-satıq, kásip-óner, ǵázineler, gúresler hámmesi kórinedi. Demek, toponimler adam jámiyeti rawajlanıwınıń áhmiyetli elementlerinen biri, tàbiyat, tarıyx, ómir adamzat aynası esaplanadı. Sonday eken, házirgi jámiyetti, zamanagóy civilizaciyanı, xalıqlar hám

mámleketler ortasındaǵı hár qanday baylanıstı geografiyalıq atamalarsız kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Mádeniyat hám ilim-pánniń rawajlanıwı, rawajlanıp atırǵan xalıqaralıq baylanıslar geografiyalıq atamalardı barǵan sayın kòbirek qollawǵa iytermelemekte.

Belgili bir aymaqdaǵı geografiyalıq atamalardıń jıynaǵı sol aymaqta jasawshı xalıqlardıń ásirler dawamında, atamalar jaratıwdaǵı dòretiwshilik miywesi esaplanadı. Dùnyada qansha geografiyalıq atama barlıǵın hesh kim anıq bilmeydi. Shama menen, pútkil jer sharında yarım milliardtan artıq geografiyalıq atama bar. Olar qatarına say, jılǵa, bulaq, qudıq, jar, qır, máhálle, gúzar, kóshe sıyaqlı mikrotoponimler kirmeydi. Eger, jer jùzindegi bárshe úlken-kishi jer atamaların eslep qalıw imkáni bolǵanda, san-sanaqsız bolar edi.

Geografiyalıq atamalar - bul mámleket, qala yamasa birde bir tábiyiy obiekt penen tanısıwda onıń vizitkası wazıypasın atqaradı. Sol sebepten, toponimlerdiń jaratılıwı sebeplerin  ańlaw, olardıń qáliplesiwi, rawajlanıwı, ómiri, ózgeriwi, adreslik funkciyası, informaciya tasıwı hàm qanday máni jetkeriwin anıqlaw zàruriyatı payda boladı. Joqarıda aytıp ótilgenindey, usı máselelardi anıqlaw menen arnawlı pán esaplanǵan toponimika shuǵıllanadı. Sonıń menen birge, jer atamaları ilmiy, politikalıq, àmeliy hám tàrbiyalıq áhmiyetke iye ekenligi sebepli, bir qatar basqa pánler ushın da úyreniw obiekti esaplanadı.

Toponimika hám toponimiyanı bir-birinen parıqlaw maqseke muwapıq. Toponimika - geografiyalıq atamalardıń payda bolıwı, qáliplesiwi, rawajlanıwı, házirgi jaǵdayı, mánis-mazmunı, aytılıwı hám jazılıwın úyreniwshi ilimiy pán. Toponimiya - degende belgili aymaqtaǵı geografiyalıq atamalardıń jıyındısı názerde tutıladı. Basqasha aytqanda, toponimiya toponimika pániniń ùyreniw obiekti esaplanadı.

Toponimika integral ilmiy jónelis, «shegaralıq» pán esaplanadı. Ol geografiya, filologiya (lingvistika) hám tarıyx sıyaqlı  pánlerdiń manfaatlari tutasqan jerde

payda bolıp, olardı sáwlelendirip rawajlanǵan. Sol sebepten, toponimikanı iyelegen ornı, onıń pánler dizimindegi ornı, tùrlishe qaraslardıń kelip shıǵıwına sebep bolǵan. Hár qanday salmaqlı toponimikalıq material hár ùsh pánge de úyreniw hám izetlew deregi esaplanadı, bıraq, onı hár bir izetlewshi óz qánigeligi kóz qarasınan úyrenedi.

Geografiyalıq kartada keltirilgen bay hám túrli axborotlar arasında atamalar òz aldına orın tutıwı hámde toponimnıń adreslik funkciyası til - fakti hám tarıyx – hádiysesinen kóre áhmiyetlirek ekenligin hesh kim biykar etpeydi. Ol áhmiyetli social - politikalıq funkciyanı atqaradı, jer júzindegi bárshe geografiyalıq obiektler ushın orientr sanaladı. Bul pikirdi tastıqlap filolog-toponimist alım *T.Nafasov* tòmendegishe dep jazǵan: «…eski geografiya páni qushaǵında payda bolǵan jańa jónelislerden biri toponimika esaplanadı. Toponimiya menen erteden geograflar, geografiya páni shuǵullanıp kelgen. Keyinshelik bul taraw menen tarıyxtanıwshılar, arxeologlar qızıǵıp, tarıxıy atamalardıń mánisi, quramı, qaysi tilge tiyisliligi sıyaqlı máselelerdi izetledi. Eń sońında toponimiya tiltanıwdıńshılıqtıń izetlew obiektine aylandı».

Toponimlerdiń adreslik funkciyası qanshalıq áhmiyetli ekenligin rus toponimisti *V.A.Nikonov* anıq túsindirgen: «Kòz aldımızǵa keltirip kòreyik, planetamızda geografiyalıq atamalar ushırılıp taslandı. Qalalar, awıllar, dàryalar, teńizler, tawlar, màmleketler , kòsheler hàmmesiniń atı joq. Nàtiyjede, transport izden shıqqan, adamlar qayerge jùriwdi, jùklerdi qayerge tùsiriwdi, tez jàrdem mashınası qayerge barıwdı bilmeydi, jàhàn xojalıǵı kriziske, insaniyat bolsa alǵashqı dàwirige tùsip qalıw qàwpi payda bolǵan, bunıń hàmmasi kishkene bir geografiyalıq at sebepli».

“Toponimist V.A.Nikonovqa tayanıp bıraz oylap kóreyik. Jer (kóshe, stanciya, qala) atamalarınıń hámmesi óshirip taslansa ne boladi? Bunda pochtanıń jumısı toqtap qaladı, tez járdem mashinası kóshelerdi tawalmaydı, adamlar qaysı

avtobusqa tùsiwin bilmeydi, Namanganǵa jiberilgen posilka Xorezmge barıp qalatuǵın edi” dep jazǵan edi ataqlı toponimist alım, professor H.Hasanov.

T.Nafasovtıń jazıwınsha, uzaq waqıtlar toponimikanı geografiyalıq pán, geografiya ilmine tán ilimiy jónelis degen qaras húkimran boldı. Bul pikir payda bolıwınıń obiektiv sebepleri bar. Jer ataması - geografiyalıq obiekttiń arnawlı, jer sharınıń belgili tochkasında bar bolǵan xalıq jasaw orınlarınıń, jer júzi formalarınıń ataması sıpatında dáslep ilimge geografiya páni hám onıń izetlewshileri tárepinen kiritilgen. Juwmaqlap aytqanda toponimist alım,geografiya toponimikanıń gebochasi hám goyasi degen pikirdi aytıp ótken.Solay etip, XX áisrdiń ekinshi yarımında geografiyalıq pánlerdiń jańa klassifikaciyasın jaratqan geograf alımlar (Ryabchikov, 1959, Kalesnik, 1961), A.V.Marakuev bolsa toponimikanı geografiyalıq pán esaplap ol haqqında shıǵarma jazǵan.

Ápiwayı etip aytqanda, jer atamalarınıń ózine tán táreplerinen biri, olarda kóbinese geografiyalıq ortalıqtıń ózgeshelikleri - relief formaları, ósimlik hám haywanlar atamaları sáwlelengen boladı. Sonı esapqa alǵan halda aytıw múmkin, hár qanday lisoniy hám tarıxıy toponimikalıq izetlewler de, tek belgili geografiyalıq aymaqta ámelge asırılıwı múmkin. Demek, toponimler tek til nızamshılıqları járdeminde emes, bálkim, kóbinese geografiyalıq nizamshılıqlar tiykarında da payda boladı. Xalıq birde bir tàbiyat hádiysesin geografiyalıq termin menen kórsetedi, sol sebepten, geografiyalıq atamalar quramında olar kóp ushraydı. Toponimika menen shuǵullanıwdı niyet qılǵan hár qanday qàniyge àlbette, geografiyadan jaqsı xabardar bolıwı kerek. Basqasha aytqanda, geografiyanı jaqsı bilmey turıp toponimika menen shuǵıllanıw isenimli nátiyjeler bermeydi.

Geografiyalıq atamalar hár dayım da bir tarıxıy sharayatta dúnyaǵa keledi hám júdá uzaq waqıt saqlanıp qalıwı sebepli tarıyx páni ushın da júdá úlken áhmiyetke iye. Anıqraq qılıp aytqanda, hár bir atamanıń óz tarıyxı bar, onda belgili tarıyxıy waqıyalar engizilgen. Solay eken, hár bir atama qolay bir tarıyx hám olar

anıq bir tarıyxıy waqıyalarbmenen baylanısli jaǵdayda payda bolǵan. Sonı isenim menen aytsaq boladı, toponimiyada puqara migraciyası, uruslar, etnik baylanıslar óz sáwlesin tapqan hám hár bir tarıxıy dáwirdiń ózine tán toponimikalıq qatlamları bar .

Tarıyxshı alım *A.Nabiev* toponimikanıń tutqan ornına óz qatnasın bildirip tòmendegishe jazǵan: "Demek, toponimika úlketanıwdıń ajıralmas bir bólegi esaplanadı. Házirgi waqıtqa kelip, úlketanıw boyınsha alıp barılıp atırǵan izetlew isleri menen bir qatarda onıń ajıralmas bólegi bolǵan toponimika da áste social pánler qatarında rawajlanıp barmaqta". Rus alımı A.I.Popovtıń "Toponimika - tarıyxıy pán" atlı shıǵarma jazǵanlıǵı da belgili. Juwmaqlap aytqanda toponimika tarıyx páni menen úzliksiz baylanıslı.

Toponimika tiltanıwshılıq (lingvistika) páni menen de úzliksiz baylanıslı. Sebebi, toponim - bul sóz, ataqlı at, lingvistikalıq kategoriya, til miywesi, sol sebepli til nızamshılıqlarına boysınadı hám filologlar tárepinen úyreniledi. Atamalar tildegi belgili qatlamnıń tarıyxı, qáliplesiwi, rawajlanıwın ózinde sáwlelendirgen. Tiltanıwshılıqta ataqlı atlardı úyreniwshi onomastika (grekshe, onomastike - *"at beriw óneri"*) tarawı bar. Onomastika - ataqlı atlardı túrlerdi yàki onimlardı ùyrenedi, solardan, adamlar atı - antroponim, ósimlik atı - fitonim, haywanlar atı - zoonim, ruw, qáwim, xalıqlar atı - etnonim hám t.b. Solar qatarında geografiyalıq obiektlerdiń ataqlı atlarına yàki toponimlerge de òz aldına itibar beredi.

E.M.Murzaev toponimikanı pánler dizimindegi ornına baha berip, bul máselede alımlar arasında qarama-qarsı pikirler bar ekenligi hám ol házirge deyin sheshilmegenligin bildiredi. H.Hasanov ta bul máselede óz qatnasın bildirip: «Toponimika negizi geografiyanıń bir tarmaǵı bolıp, tiltanıwshılıq pániniede, tarıyx pániniede úzliksiz baylanǵan. Toponimikanı tiltanıwshılıq yàki tarıyx pániniń bir tarmaǵı desek qáte bolmaydı. Hár bir pán iyesi toponimikalıq izetlewlerde óz qánigeligin ústin qoyadı», dep jazǵan.

Joqarıdaǵı pikirlerden kelip shıǵıp sonı aytıw múmkin, hesh bir pán toponimikalıq izetlewlerde “monopoliya” ǵa iye bolmawı kerek. Toponimikaǵa lingvistikalıq, tarıxıy hám geografiyalıq izetlew metodlarınan paydalanatuǵın bólek pán sıpatında qaraw kerek. Juwmaqlap aytqanda, toponimika – ǵarezsiz “shegaralıq” pán. Ol òz aldına bólek ilmiy jónelis sıpatında geografiya, tiltanıwshılıq hám tarıyx pánleriniń imkaniyatlarınan durıs paydalansa úlken nátiyjelerge erisiwi múmkin.

## 1.2. Geografiyalıq atamalardıń toparlarǵa bóliniwi.

Geografiyalıq atamalar qanday obiektlerdiń atları ekenligine qarap tómendegi toparlarǵa bólinedi.

1. Toponimiya belgili bir aymaqtaǵı orın atlarınıń jıyındısı.
2. Oronim reliefiniń burma formaları-taw, biyiklik, qazıqtaw, shoqqı hám basqalardıń atları.
3. Gidronim – ulıwma suwlıqlar atı. Ayrım tipleri:
   A) Potamonnim-dárya, say, jap hám kanallardıń atı.
   B) Limponim-kól, bulaq, háwiz hám quduqlardıń atı.
   V). Pelagonim-okean, teńiz hám qoltıqlardıń atı.
5. Oykonim-xalıq jasaytuǵın orınlardıń (awıl, qala atı)atı.
6. Speleonim-uńgirler hám jer astı boslıqları atı.
7. Topotermin-orın atların payda etiwshi tùrles atlar.
8. Topoformant quramında kóp ushraytuǵın qosımtalar suffiksler terminler
9. Transkripciya sózleriniń durıs jazılıwı.

Goronimlar-qalalardaǵı kósheler atı.

10. Agoronimlar- qalalardaǵı baǵlar, gùzarlar atı.
11. Xoronim úlken aymaqlar (mámleketler, wálayatlar hám basqalar) atı.
12. Kalka-atamalar tuwrıdan-tuwrı awdarılǵanda, mánisi bir bolsa da eki tilde eki túrli atalatuǵın atlar. Korasuw, Siob, Qızılsuw-Surxob.
13. Antroponimlar-adamlar atı, laqabı, familiyalarınan kelip shıqqan atlar.

14. Etionimlar-xalıq, qàwim, urıwlar atınan kelip shıqqan geografiyalıq atlar.

Kópshilik toponimika tarawında islep atırǵan alımlar toponimlerdi iri yáki mayda atamaları ekenligine qarap tómendegilerge ajıratadı.

1. Mikrotoponimler bul amanat hújjetlestirilmegen kishi geografiyalıq obiektlerdiń ataqlı atları. Mikrotoponimler ushın amanatlıq, ózgeriwsheńlik, háreketsheńlik sebep bolıp esaplanadı. Mikrotoponimler tek geografiyalıq túsindirme emes, ruwxıy túsindirme bolıp tabıladı. Mikrotoponimler ádette awız eki tilde qollanıladı, kemnen kem jazba maǵlıwmatlarda isletiledi. Tildiń ózgeriwi menen mikrotoponimler de ózgeredi. Olardıń kópshiligi joq bolıp ketiwi de múmkin. Mikrotoponimler kóp waqıtta anıq bir aymaqta jasawshılar arasında isletiledi. Mikrotoponimlerdi jeke shaxs jaratıwı múmkin. Mikrotoponimler ekige bólinedi:

1)Tàbiyiy toqılǵan mikrotoponimler. Bular bir xalıq, qáwim anıq bir aymaqta uzaq waqıt jasasa kelip shiǵadı.

2)Qálbeki jaratılǵan mikrotoponimler, yaǵnıy qálbeki jaratılǵan mikroobiektler. Mısalı: gùzarlar, baǵlar. Bularǵa kóbinese jaratılıw waqtında at beriledi. Mikrotoponimler bir tilde sóylesiwshi belgili xalıqtıń kórkem-óner jemisi bolıp esaplanadı. Belgili aymaq xalıq hám tildiń ózgeriwi mikrotoponimlerdiń ózgeriwine alıp keledi. Mikrotoponimlerdiń sanı júdá kóp, lekin olar júdá az úyreniledi. Surxandárya wálayatı Baysun rayonınıń ózinde 7 mıńnan aslamraq mikrotoponimler barlıǵı belgili.

2. Haqıyqıy toponimler bul karta. Maǵlıwmatlarǵa túsken geografiyalıq atamalar esaplanadı. Bular mikrotoponimlerden kelip shıqqan, bıraq olar mikrotoponimlerden tez ajralıp ketedi. Demek haqıyqıy toponimler tàbiyiy hám qálbeki obiektlerdiń jeke atı. Olar obiekttiń qásiyetin ózinde kórsete almaydı. Bular hár túrli xalıq hám túrli tiller jemisi bolıp tabıladı, júdá kóp isletiledi hám ózi jaylasqan aymaqtan basqa jerlerde de belgili.

3. Makrotoponimler-bul keń aymaqlar, úlken obiektler (materikler, okeanlar, tawlar hám basqalar)diń ataqlı atları. Bular alımlar, turistler tárepinen

beriledi hám hújjetlestiriledi. Mısalı: Aziya, Arktika, Turan tegisligi hám basqalar.

Sonı aytıw kerek, jer sharındaǵı kóp aymaqlardıń ulıwmalastırǵan atları joq. Makrotoponimler arasında jergilikli xalıqqa anıq bolmaydı, sebebi olar tiykarınan mikrotoponimler hám haqıyqıy toponimlerden paydalanıladı.

## 1.3. Geografiyalıq atamalardıń payda bolıw sebepleri

Geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıwına tiykarǵı sebep olarǵa bolǵan mútájlik bolıp tabıladı. Bular adamzat kelip shıqqannan baslap kerek bola baslaǵan. Dástlepki geografiyalıq atamalar júdá ápiwayı bolǵan, mısalı: taw, dárya, kól hám basqalar. Keyinshelik atamalar áste-aqırın qıyınlasıp barǵan. Sebebi bir geografiyalıq obiektti ekinshisine almastırıw zárúriyatı tuwılǵan. Sonıń ushın olardıń atına úlken, kishi, pás, aq, qızıl hám basqalardı qosıp qollana baslaǵan.

Orın atamaları túrli, ájayıp, sanı bolsa júdá kóp. Bunnan tısqarı jer júzindegi kóplep geografiyalıq obiektler óz atına iye emes. Bul nárse jaqsı ózlestirilmegen, tekserilmegen aymaqlar (shóller, biyik tawlı úlkeler, Antarktida hám basqalar) ushın tiyisli.

Geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıwına qarap shártli ráwishte tómendegi toparlarǵa bóliw múmkin:

1.Orınnıń jaǵdayı, qásiyeti, jer júzindegi hám hawa-rayına baylanıslı atamalar.

Jer júzinde qubla, arqa, batıs hám shıǵıs mánilerin ańlatatuǵın, ataw hám dáryalar bar. Mısalı: Nordkop (Qubla polyus), Xokkaydo (Qubla ataw), Rio-Grande del Narte (Qubla úlken dárya) Shıǵıs Qıtay teńizi, Qubla Tyan-Shań, Batıs Tyan-Shań, Arka alay, Orta-teńiz hám basqalar.

Orınnıń hawası hám quyashqa qarap bildiriwshi atamalar. Mısalı: Kun gay Alataw, Terskoy Alataw, Suwıqdala, Chili (suwıq).

Jer júzindegi reliefine baylanıslı atamalar júdá kóp. Mısalı: Qaraqum –

suwsız, ósimliksiz, sulıw emes tas úyimleri esaplanadı. Islandiya (Muz úlkesi), Shpicbergan (Nayzataw) Monblan, (Aqtaw) Umtepa, Belisiniq hám basqalar.

Unıraw nátijesinde payda bolǵan relief formaları Adamtas, Qoytas, Tesiktas, tar daralar-Zindánsay, Uradárya dep atalǵan.

Geografiyalıq obiektlerdiń kórinisi qásiyetinen kelip shıqqan atamalar-Bashpánje, Awzikeń, Isheksırt, Tumsıqshoqqı, Tuyemóyın hám basqalar.

Geografiyalıq obiektlerdiń kólemi hám sıyımı –Úshkól, Jetiqudıq, Altıjap, Besjap, Keńdala, Jetimbulaq, Egizbulaq hám basqalar.

Geografiyalıq obiektlerdiń jaylasıw ornı -Chuqurovul, Tubanovul, Ortaovul, Pasqishloq, Tepaqishloq, Jarqishloq hám basqalar.

2. Gidronimlar (Suw obiektlerine baylanıslı atamalar).

Dárya, kól hám qudıqlar úlken-kishiligine, suwdıń reńi, shorlıǵı, tazalıǵı, shuqırlıǵına qarap túrli atamaǵa iye bolıwı múmkin. Suw tınıq hám taza bolsa Aynakól, Aynabulaq, shuqır hàm taza bolsa Kóksuw, qardan baslanǵan suwlar bolsa Aqsuw, Ilayqaraǵı - Ayran kól, Sarısuw dep ataladı. Mısalı: Xuanxe “Sarǵıshdárya” degeni.

Shuqır hám shoq dáryalar qızıl sózi menen bildirilip Suxrob Kolorado (ispansha) dep atalǵan.

Qarasuw-“bulaq suwı” -tekis jerde ásten aǵadı. Daydi suwdı Farǵanada Tenteksay deyilgen. Surxandáryada Jilli dárya da bar, ol báhárde burqırap aǵıp, tasıp ketedi, qurıqlıqlardı jemiredi, jazda bolsa suwı qurıp qaladı.

Qısta muzlamaytuǵın suw obiektleri de bar. Bularǵa ıssı atama berilgen. Mısalı: Issıqkól.

Suw obiektleriniń suwı shor yáki ashshı bolsa, Shorqudıq, Ashshıkól, Shorbulaq dep atalǵan.

Jer astı suwları fontan formasında atılıp shıqsa -qaynarbulaq dep atalǵan. Eger bulaqlar suwı ıssı hám mineral bolsa-Issısuw, Obigarm, Obirahmat,Qotirbulaq, Arashan dep ataladı. Kartalarda Teris, Tersaǵar atlı dáryalar

hám saylar bar. Bular tiykarğı dáryanıń ağıs jónelisine terisine, teris jağdayda bolğanınan yáki háreket qásiyetlerinen Tezağar, Yugurikariq, Tentaksoy, Jinnidárya, Toplangsay hám basqalar usınday atalğan.

3. Fitonimlar, Zoonimlar (Ósimlik hám haywanlarğa baylanıslı atamalar).

Bunday atamalar keń tarqalğan. Mısalı Konibadam yağnıy Badam qalası dep hátte Bobur jazıp ketken. Amudáryada Maymiltoğay atlı ger bar. Bul bir zamanlarda maymıllar sol jerge shekem tarqalğanlığınan derek beredi. Qazaqstanda Taldıqorğan, Qarağanda (qara tikenli puta), Qaratal, Kókterek, Terekzar, Ruminiyadağı bir awıldıń atı Kirasaya yağnıy alsha awılındağı, Batıs Evropadağı Shhámrtsháml`d (qara toğay), Arqa Afrikadağı Drakon tawları (drakon-ósimlik) Qubla Amerikada Florida (kókalamzar), Kokos atawları gavzi Xindiy (janğaq), Bulkovina (bulk), Ózbekstanda Jiyde-bulaq Archazar, Shuwaqlı, Shilonzar sıyaqlı atamalar bar.

Haywan atları menen atalıwshı kóplep geografiyalıq atamalar bar. Mısalı, Qaplanqır, Qaplansırt, Zirabulaq, Ġazalkent, Kepterxana, Bórixana, Jayranxana, Mińqus, (Qirğizstanda) Medvedgorsk, Olenogorsk, (Murman oblastında) Tyuleń qoltığı (jańa jer atawında) Galapagos atawları (Galapago-tasbaqa).

Baykal qoltığınıń ortasındağı atawlardan tórtewi Tushkańi dep ataladı. Jergilikli xal q tushkan dep qoyandı ataydı. Haqıyqattan da bul atawlarda qoyanlar kóp tarqalğan.

Xalıq geografiyalıq obiektlerin bólek qásiyetlerin itibarğa alıp qoyğan atamalar da bar. Atama beriwde adam hám haywanlardı bólek ağzalarına da itibar bergen. “Awzı”, “Murnı”, “qulağı”, “Shaxı” hám basqalar. Mısalı: Muruntaw, Aqtumsıq, Sibirdegi Xamar (Mongolsha-murın), Svyatiy Nos (Dimitriy-Laptehám qoltığında) Baykal kólinde, Volchiy nos (Ladoga kóli qırğağında) Balvonskiy nos (Hámygach atawında), Ay-Bulrun (qırımnıń Arqasında) Krivoy Rog (Ukrainada), Krasniy Rog (Bryansk oblastında).

4. Paydalı qazılmalarġa baylanıslı atamalar.

Bunday atamalardıń bir bólegi paydalı qazılmalar ashılġanına shekem berilgen. Mısalı Gazli, Altınbel. Bir bólegi bolsa kánler ashılġannan keyin berilgen: Taskómir, Maylısuw, Maylıkól (Qırġızstanda) Jezqazġan, Temirtaw (Qazaqstanda), Nebitdaġ, (Turtkmenstanda) Gúmiskán Kánsay, Duzkán, Altınkán, Ashshıtas, Surmatas, Altıntaw, Altınqaplan, Altınbel, Altıntóbe, Altınlısay, Gúmisli, Ashshısuw, Shorsuw, Shorbulaq, Sınap, Mıskán, (Ózbekstanda) Magnitnaya gora, (Uralda) Magnitogorsk qalası, Mramar teńizi (teńizdegi bir atawda mramar qazıp alınġan). Terliqoya (Terlep turġan qoya) Altayda, tawdıń eń bawırında jılıraq suyuqlıq tamshı-tamshı bolıp shıġıp turġan, tekserilip kórilse, bul sınap eken.

Argentina mámleketiniń atı argentus-“gúmis” atamasınan alınġan.

5. Kásip-ónerden alınġan atamalar.

Bunday atamalar Ózbekstanda ásirese keń tarqalġan: Bozshı, Boyawshı, Sabıngar, Ershi, Pıshaqshı, Júzimgershilik, Ġozabazar, Shopanbazar, Oqshi, Táwipkóshe, Qalandarxana, Orda sıyaqlı atamalar xalıqtıń kásip-ónerden qalġan miyrası esaplanadı. Dushanbe qalasınıń bir bólegi Shishaxana dep ataladı. Arxeologlar bul jerde Kárwánsaray qaldıqları, qádimgi lágen sınıqların tawġan. Demek bul jerde qádimgi gúlalashılıq kárxanası bolġan. Dúnyanıń kópshilik qalalarında usı sıyaqlı kásipten alınġan atamalar bolġan.

6. Xojalıq buyımlarınan alınġan atamalar.

Xojalıq buyımları atamaları da geografiyalıq atamalardıń kelip shıġıwına aktiv qatnasqan. Mısalı: “qazan” sózi bul tùrkshe sóz bolıp, ol ruslar, ukrainlar, beloruslar, bolgarlar tárepinen qabıl qılınġan. Qazan sózinen kelip shıqqan bir qansha atamalar bar. Qazan qalası (Tatarstanda), Qazajiq, (Turkmenstanda), Qazanbulaq (Azerbayjanda) Qazansuw, (Qubla Kavkazda) Qazanlıq (Bolgariyada). Kartalarda “Dárwaza” sózinen kelip shıqqan atamalar ushraydı.

Mısalı Dárwaz dizbesi, Darbez dárejesi (Tájikstanda), Darbaza (Qaraqum shóllerinde) hám basqalar.

7. Etnonimlar (Xalıq, qáwim hám urıwlarǵa baylanıslı atamalar).

Toponimika etnonimler dep te ataladı. Bunday atamalar tarıyxıy dáwirlerde xalıqlardıń qay jerde jasaǵanlıǵınan hám óz-ara qatnaslardan gúwalıq beredi. Bul atamalar Tùrkstan aymaǵında júdá kóp ushraydı. Mısalı: Ayranshı, Arab, Asaka, Balıqshı, Bayawit, Barlas, Boka, Dórmon, Malik, Mitan, Maqal, Nazarbek, Nayman, Nókis, Alot, Sahámy, Sundıqlı, Sırǵalı, Tùrk, Tùrkmen, Uyǵır, Shımbay, Shıǵatay, Qarluq, Qashǵar, Qıpshaq, Qazaq, Qurama, Qońırat hám basqalar. Xalıq, qáwim hám urıwlarǵa baylanıslı atamalar basqa úlkelerde de keń tarqalǵan. Mısalı: Qırǵız dizbesi, Árman tawı, Shuqot yarım atawı, Evensk (Magadan oblastında), Sayan tawları (Sayon -tuvin xalıqı) Tatarsk (Batıs Sibirde) hám basqalar.

Rossiya Federaciyasındaǵı Tu hám Respublikasınıń paytaxtı qızıl qala hám Batıs Sibirdegi Barbara qızıl hám barbara qáwimleri atı menen baylanıslı. Jáhán kartasında da bunday atamalar júdá kóp. Amerikadaǵı dárya, kól, shtat hám qalalardıń kópshiligi indeec qáwimleriniń atı menen ataladı. Mısalı Eri, Guron, Ayo hám, Apalachi, Dalaver, Bostan, Karib teńizi Karib qáwimi atınan alınǵan. Gondhámna -geologik tarıyxda úlken materik-Hindstandaǵı gandlar jeri demekdir.

Qalalarda da xalıqlar atı menen atalıwshı kósheler bar. Mısalı: Bolshaya Gruzinskaya, Tatarskaya, Ariyanskaya, Daǵıstan kóshesi hám basqalar.

Xalıqlar atınan jasalǵan mámleket atları júdá kóp. Shved-Shveciya, Dan-Daniya, Grek-Greciya, Ispan-Ispaniya, Afǵan-Afǵanstan,Tájik-Tájikstan hám basqalar. Kerisinshe, mámleket atı xalıqqa ótken jaǵdaylar da boladı. Braziliya-Braziliyalılar, Ekhámdor-ekhámdorlilar, Kanada-kanadalıqlar hám basqalar.

S.S. Gubaehámnıń anıqlawınsha, Ferǵana alabında tùrk tilinen kelip shıqqan geografiyalıq atamalardı 10-70 % qáwimler atın payda etedi. Geografiyalıq atamalar járdeminde belgili aymaqta jasaǵan etnik topardıń ótmishte otıraqshı yáki kóshpenshi ómir kechirgenligin de bilip alıw múmkin. İlimiy izetlewlerdiń

kórsetiwinshe, otıqshı yáki kóshpenshi xalıqlar orınlarǵa atama beriwde parıqlanar eken. Egerde, xalıq otıqshı bolsa orınnıń qásiyetine qarap ataladı eken. Kerisinshe, xalıq kóshpenshi bolsa, orının óz urıw hám qáwimlerdiń atı menen atar eken.

8. Xalıqtıń ekonomikalıq jaǵdayınan kelip shıqqan atamalar.

Bul atamalar belgili aymaqta jasawshı xalıqtıń sociallıq strukturasın kórsetedi. Bunday atamalar Ózbekstannıń derlik hámme awıl hám qalalarında ushraydı. Bıraq olar keyinshellik basqa (jańa) atamalar menen almastırılǵan. Mısalı: "Devonxana", "Qalandarxana", "Darveshxana" hám basqalardı kórsetiw múmkin.

9. Antroponimlar (Adamlardıń atı, familyalarına qoyılǵan atamalar).

Dúnya hám planetalar bunday atamalar júdá kóp tarqalǵan. Bulardıń kópshiligi kúshli turist hám jolawshılardıń, alım hám teńizshilerdiń, shayır hám jazıwshılardıń, mámleket hám jámiyet xizmetkleriniń atlarına qoyılǵan. Mısalı: Barenc teńizi, Laptevlar teńizi, Chelyuskin tumsıǵı, Kók bulǵazı, Gudzon dáryası, Tasmaniya atawı, Mikluxa-Maklay qırǵaǵı, Xabarovsk qalası, Rashidov rayonı, Beruniy qalası, Hámshington qalası hám basqalar.

Ataqlı rus geografi hám etnografi akademik D.N. Anuchin atına qoyılǵan muzlıq, tumsıq, kól hám ataw bar. Okeanograf hám kartograf akademik Yu.M, Shokolskiy atı menen bir neshshe ataw, muzlıq, taw hám buǵazlarǵa berilgen. Antarktidadaǵı 1961-jılı ashılǵan bir tawǵa qazaq geografi Chukan Hámlixanovtıń atı qoyılǵan. Ay sırtındaǵı kraterlerge Beruniy, Uluǵbek, Merkuriydaǵı krater, tawlıq hám tegisliklerge Pushkin, Lermontov, Tolstoy, Chexov, Shevchenko, Repin sıyaqlı ullı adamlardıń atları berilgen. Altayda eki biyiklik Rerix at menen atalǵan. Boliviya mámleketiniń atı qaharman Simon Bolihámr atı menen ataladı. Angliya korolehámsi Viktoriya atındaǵı ataw, kól, sarqırama hám basqa geografiyalıq obiektler ushraydı. Kartalarda belgili adamlar menen bir qatarda belgili qaraqshılar hám basqınshılardıń atları da ushraydı. Mısalı Dreyk buǵazı (tanıqlı teńiz qaraqshısı).

Tùrkstan tawlarında tanıqlı alımlar G.A. Maksimovich, N.A. Ghámzdenskiy, O.Yu. Poslavskaya atları menen atalıwshı úńgirler bar. Qashqadárya wálayatında bolsa eki úńgir Amir Temur atı menen ataladı.

Rossiya familiyaları aqırına “-ovka”, “-evka”, “-o” suffiksleri qoyilip, kelip shıqqan mıńlap geografiyalıq atlar ushraydı. Mısalı: Ihámnovka, Petrovka, Barisovka, Ihámnovo, bulardan tısqarı atlardı qısqartırıwdan kelip shıqqan atamalar da bar. Mısalı: Mixno (Mixail), Grixno (Grigoriy) hám basqalar.

10. Ápsana hám diniy atamalar.

Dúnya kartasında ápsanalıq hám diniy atamalar da kóplep ushraydı. Buǵan mısal etip Osh qalası janındaǵı Taxti Sulayman, Amudáryadaǵı Duldul atlaǵan (Xazrati Alidiń ushar atı dáryanıń usı jerinen sekirip ótken eken), Kofirnixan dáryası boyındaǵı (Tájikstandaǵı Xonaqa awılı janındaǵı) kishi Duldul, Ahangarandaǵı Alidiń qıyası, Sırdáryadaǵı Farxat qıyası, Ferǵanadaǵı Shahimardan, Tashkenttegi Qayqawis jabı, Tùrkmenstan shegarasındaǵı Zulfiqar jolı (Alidin qilishi shapqan dara) Shri-Lankadaǵı Adamata biyikligi (adam Alayxissalam sol jerde aspannan túskenimish) hám basqalardı kórsetiw múmkin. Bulardıń barlıǵı ápsanalıq atamalar ekenligi kórinip turıptı.

Bulardan tısqarı Rossiyanıń Pskov oblastında Velikiy Luni degen qala bar. Ápsanalarǵa góre, Luki Velikiy qandayda bir bahadir (qaraqshı) bolǵan. Haqıyqatında bul qala XII àsirlerde payda etilgen bolıp, usı jerden Lohámti dáryası aǵıp ótip, ájayıp buriliw payda etedi. (“Luki”-“dárya buriliw” degen mánini bildiredi). Bunday at basqa orınlarda da, yaǵnıy qay jerde úlken burılıw payda etilgen bolsa, ushratıladı.

Dúnya kartasında túrli dinler bayramı, avlie hám muqaddes adamlar húrmetine qoyılǵan orın atamaları da ushraydı. Olar kartalarda San, Sent, Svyatoy sózleri menen atalǵan. San-Marino, San-Toms, San-Francisko, San-Salvador, Santo-Domingo, Santo-Krus, Santyago, Svetoya elene, Svyatoy Lavrentiya sıyaqlılar esaplanadı.

Zangiata, Qoylıq, Iskenderiya (Mısr) sıyaqlı atamalar tarıyxıy adamlardıń izleri bar. Mısalı: Zangiata-Axmet Yassawiydiń zanjiy (xabash) muridi, Jalańash bul da ásirimizdiń 20-jillarına shekem diywanashılıq qılǵan bangi Ġovlie", Iskender (Mısr) -Makedoniyalıq Aleksandr).

11. Tùsiniksiz atamalar.

Dùnya kartasında hàzil, kùlkili yamasa qorqınıshlı atamalar da ushraydı. Mısalı Angliyada – Ráhmiń kelsin, Soqır kiyewler, Qurbaqalar, Tishqanlar, Zor muhabbat, Kórinbey qaldı, Araqxordıń táwbesi atlı qalalar, Italiya hám Uralda- Iyt úńgiri, Amerikada , Ájel dalası, Iranda Dashti úmitsiz sıyaqlı atamalar bar.

Bunday atamalar Ózbekstanda da tawıladı. Barsakelmes, Dárwish, Lábbay tawı (Namanganda), Sharshamań (Shaxrisabzda) Urısshıǵar (Zarafshanda), Qalta awıl (Andijan) Kók toppı (Ferǵana wálayatında), Bóǵozterak, Kelinshek, Moxovtawıq, Awzıkeń, Shopan tıqqan, Qarkómdi, Gadoytappas hám basqalar. Qaraqalpaqstanda: Eshkiólgen, (Echki ólgen), Bultankól, (Basqa kól) Ashawıl (Ash awıl), Uzuawıl (Ógiz awıl) hám basqalar.

Bunday atlar esitiliwinen qolaysız bolıp túyilsede, hár biriniń óz tarıyxı, óz tùsindirmesi bar, álbette.

12. Migracion atamalar.

Bul geografiyalıq atamalardıń bir aymaqtan ekinshi aymaqqa alıp keliniwi. Bunday jaǵday eki jol menen payda boladı:

1) Xalıqtıń migraciyası nátiyjesinde eski atamalar tuwrıdan-tuwrı jańa aymaqlarǵa kóshiriliwi. Buǵan Amerika materigi jaqsı mısal bola aladı. Bul jerde Evropadan kóshirip kelingen mıńlap geografiyalıq atamalar bar. Ásirese AQSh ta Angliya, Shotlandiya, Irlandiya toponimleri ushratıladı. London, Boston, Nyu-London, Kembridj, Oksford, Grinvich hám basqalar. Bunday atamalar túrli shtatlarda bir neshe márte qaytarıladı. Franciyadan-Orlean, Parij, Lion, Mosk hám ati Ayxado, Vemant, Michigan, Ogayo, Texas, Odessa atı bolsa Hámshington, Delover, Missuriy, Nyu-York, Texas, Florida shtatlarında kóplep ushratıladı. Latın Amerikası mámleketlerinde bolsa Ispaniya, Portugaliyadan kóshirilip kelingen

atamalar ushratıladı. Sevilya, Volensiya, Barselona, Granada, S`erra-Nehámda hám basqalar. Okeaniyada Afrikadan kóshirilip kelingen atamalar ushratıladı. Mısalı: Jańa Gvineya.

Bunday atamalar Tùrkstanda da gúzetiledi. Mısalı: bul aymaqta 10 nan artıq Samarqand atı bolǵan. Bulardan birewi Ferǵanada Isfara, Soǵdti (Qashqadárya, Zarafshan) arablar basıp alǵannan keyin 1912-jılda Soǵdlar Ferǵana patshası Alatarǵa elshi jiberip baspana soraydı, lekin ol bermeydi. Soń olar Isfara jaylasıwına májbúr boladı. Orındı Samarqanday dep ataydı, házir qırgızlar onı Samarqandlıq dep ataydı.

2)Bir aymaqtı ekinshi aymaqqa uqsatıw nátiyjesinde kelip shıqqan atamalar. Bunda orınnıń landshaftına, kórinisine, tiykarǵı itibar berilgen. Mısalı: Evropadaǵı Shveycariya toponimi Aziyada, Amerikada, Jańa Zelandiyada ushratıladı. Shveycariyada shıǵatuǵın bir jurnalda keltiriliwinshe, bul atama tábiyiy landshaftlar tarqalǵan orınlarda 270 mártege jaqın ushratıladı. Usılardan yarımı Oraylıq Evropa esaplanadı. Venesuella mámleketiniń atı Veneciya atınan alınǵan bolıp, kishi Veneciya mánisin beredi. Bul atama XV àsirdiń aqırlarında ispanlar tárepinen berilgen. Olar Arqa Amerika qurǵaǵında úyleri svoylarda qurılǵan bir jer, xalıq punkitin ushratıp, Veneciyaǵa uqsatıwǵa hám usı attı bergen. Keyinshelik pútkil mámleketti usı at penen atalǵan.

Polyak kartograflarnıń maǵlıwmatına qaraǵanda, Polsha kartasında Koreya atı-19, Amerika-18, Vengriya-1, Abissiniya-9, Kanada-9, Braziliya-7, Italiya-3, Bolgariya-1, Veneciya –7, Kiev-4, Hámvilon-2 márte qaytarıladı hám migraciya atamaları esaplanadı. Bıraq kartalarda bir-birine júdá uqsaytuǵin, basqa aymaqlardan kóshirilmegen geografiyalıq atamalar da ushratıladı. Mısalı, Rossiyanıń Vologdon oblastında Buxara degen orın bar. Bunıń Ózbekstandaǵı Buxara qalasına hesh qatnası joq. Rus tiliniń ayrım dialektikalarında “Buxara” sózi “bos jer” mánisin beredi.

13. Qáte atamalar.

Dúnya kartasında mazmunına say kelmeytuǵın haqıyqatqa tiykarlanbaǵan geografiyalıq atamalar da ushrap turadı. Mısalı Tınısh okeanı atı qáte. Atı Tınısh bolǵanı menen ózi júdá úlken tolqınlar, boranlar mákáni. Shaximardon, Xazrat Alidi Shahimardan–Erler shahı degen. Bıraq onıń bul jerge qanday qatnası bar onıń qàbiri Iraqta. Aziya dep, dástlep orta teńiziniń shıǵıs jaǵaları túsinilgen. Bul atama áste-aqırın ulıwmalasıp, Yaponiyaǵa shekem tarqalǵan. Aziya degenlerinde tiykar bar. Aziya- asu, ulıwma shıǵıs, kùn shıǵar degen sóz Tınıshh okean dep atalıwınıń sebebi bar. Magellan okeanda júzip júrgende kúshli tolqınlar, boranlar bolmaǵan. Shahimardan bolsa ápsana.

Professor X. Hasanovtıń (1978) pikirinshe geografiya tarıyxında eń qáte at "Amerika". Sebebi: 1).Jergilikli xalıq óz jurtın bunday dep atamaǵan. 2).Eger Xristafor Kolumbtıń 1492- jılda ashqanlıǵı tán alınsa jerdiń atı Kolumbika bolıwı kerek edi. Bıraq bul jerlerge Kolumtan burın turist hám sawdager barıp kelgeni anıq. Kolumbtıń ózi de aljasıp, "Hindstannıń bir bólegine kelip qaldım" dep oylaǵan. 3).Bul jerdi Amerigo Vespuchi de ashpaǵan. Ol Braziliyanıń shıǵıs jaǵaların aylanǵan. Ol tek 12 betli xat jazǵan hám xatta belgisiz jerlerge barǵanlıǵın bayan etken. Onıń xatı qoldan-qolǵa ótip, hátte kartalarǵa túsirilip, batıs jer Amerika-jeri keyinshellik Amerika bolıp ketken bolıwı múmkin, yàki bul jer teńizshi Kabottıń 1497-jılǵı ekspediciyasına tùsinik bergen ingliz ministri Richard Amerikanıń atı menen atalǵan bolıwı múmkin. Onı jańa jer yàki Batıs jer dep ataw orınlı bolar edi.

Házirgi zaman alımlarınıń pikirinshe Amerikanıń jergilikli xalıqı indeecler bolǵanlıın itibarǵa alıp onı "Indo-Amerika" dew orınlı bolsa kerek. Jańa jerdi Amerika dep 1707-jılda Lotoringiyalıq geograf Háml`dzegemyuller ataǵan. Lekin 1708-jilǵa shekem tek Aqra Amerika usı at penen atalǵan. Merkator degen kartograf dúzgen kartada eki materik te usı at penen túsirilgen.

14. Jańa zaman atamaları.

Bunday atamalar dástlep eski Sovet Birlespesinde, basqa soccialistik hám

azatlıqqa erisken mámleketlerde payda bolǵan. Oktyabr awdarısınan keyin K.Marks, F.Engels, V.I.Lenin Kommunistik partiya hám sovet mámleketiniń ataqlı xizmetkerleri, grajdan hám Ullı Watan urısları qaharmanları, ataqlı alımlar, (Xorazmiy, Beruniy, Ibn Sino, Uluǵbek, Nawayı, Lomonosov, Pushkin, Furqat, Xamza hám basqalar) atları menen geografiyalıq obiektler atala basladı.

Koloniyadan azat bolǵan mámleketlerde de bunday jaǵday júz bergen. Mısalı: Gana (Eski Altın qırǵaq), Shri-Lanka (Eski Ceylon), Zambiya (Eski Rodeziya), Burkina Faso Eski joqarı Volta) hám basqalar. Ózbekstan ǵàrezsizlikke eriskennen soń Eski SSSR dáwirinde qoyılǵan kóplep atamalar ózgertirilmekte. Mısalı Ózbekstan tawlarındaǵı eń biyik jer tarıyxıy atı Hàzreti Sultan dep atala baslandı. Usi at penen birge jańa atamalar qoyıla baslandı. Mısalı Mustaqıllılq Maydanı, Istıqlol máhállesi, Biradarlıq maydanı, Erkinlik kóshesi, Matbulotchilar kóshesi, Pidayilar maydanı.

Geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıwınıń basqa usılları bar:

Atamalardıń aldına kómekshi (predlog) “pri”, “aldi”, “arti”, “za” qosilip jańa geografiyalıq atamalar kelip shıqqan. Kavkazartı (Zakavkaze), Baykalartı (Zabaykale) Iliartı (Zaliy), Alayartı (Zaolay), Kaspiy artı pàstegisligi hám basqalar. Bul onshelli prinli emes. Mısalı: Kavkazartı toponimi Rossiya ushın tuwrı, lekin bul mámleketlerde jasawshılar ushın bunı qollaw nadurıs.

Joqarıda kalka túsinigi yaǵnıy awdarılǵan, eki tilde, eki túrli atalıwshı atlar haqqında toqtalıp ótken edik. Mısalı: Qarasuw-Siexrud, Qızılsuw-Suxrab, Aqsuw-Believodi hám basqalar.

Jup geografiyalıq atamalar da bar. Bular bir geografiyalıq obiektiv, ekinshisinen parqın kórsetiwi ushın paydalanıladi. Mısalı:Úlkensuw-Kishisuw, Aqsuw-Qarasuw, Qaraqum-Qızılqum, Qarataw-Aqtaw.

Qásiyetlerin kórsetiwshi atamlar da ushraydı. Shorkól, Shuqırsay, Badamsay, Mineral suw hám basqalar.

Geografiyalıq obiektlerdiń qay jerde jaylasqanlıǵın kórsetiwshi atamalar bar. Rostov-na-Donu, Petropavlovsk-Kamshatsk

Geografiyalıq obiektke nadurıs máni beriwshi atamalar az bolsa da ushraydı. Mısalı "Qatın kópir". Bul sózdi qatınlarǵa hesh qatnası joq. Eski ózbek tilinde "tas" ti da qatın dep ataǵan. Tùrkmenstandaǵı "Taxtabazar", bunıń da "taxta" sózine qatnası joq. Bazar jaylasqan orın tegis bolǵanlıǵı ushın bul sóz qollanılǵan.

Geografiyalıq atamanıń kelip shıǵıwına sebep bolǵan obiekt házir pútkilley joq bolıp ketken, bıraq atama qalǵan. Mısalı: Saratov qalası. Bul at Sarıtaw atınan alınǵan, taw bolsa joq bolıp ketken, atı bolsa saqlanıp qalǵan.

# II-BAP. GEOGRAFIYALIQ ATAMALARDIN KLASSIYFIKASTYASI HAM IZERTLEW USILLSRI

## 2.1. Geografiyalıq atamalardıń klassifikastiyası

Pánlerdegi klassifikaciya máselesi ulıwma sheshiletuǵın mashqalalardan biri bolıp esaplanadı. Bul nárse toponimika páni ushın da tiyisli. Klassifikaciya dúzilisinde ápiwayı hám tùsinikli bolıwı kerek. Ulıwma pánniń hámme talaplarına juwap beriwshi klassifikaciya islep shıǵıw múmkin emes. Mısalı, toponimika páni ushın islengen kóp klassifikaciyalarda túrli geografiyalıq obiektler bir qatarǵa qoyıladı. Mısalı, dáryalar, tawlar, qalalar hám basqalar.

Tanıqlı rus alımı V.P.Semenov TyanShanskiy (1924) xalıq jasaytuǵın jerlerdegi atamalardı tómendegi kategoriyalarǵa bòlgen:

1) Adamlar atı, familiyası hám laqabı.
2) Diniy bayramlardan (Voskresensk, Sretenskoe):
3) Tarıyxıy atamalardan (Rastislavl`, Izyaslavl`):
4) Buldparastlikten (Yarilino, Petrunohám, Pribat`e pole):
5) Qádimgi qáwimler atınan (Radomae, Radomka):
6) Waqıya hám adamlardıń atına berilgen atamalar,
7) Orınnıń tipik, geografiyalıq kórinisinen alınǵan atamalar.

I. E.M. Murzaevtiń (1982) pikirinshe, geografiyalıq atamalardı, geografiyalıq obiektlerdi atamalarına qarap, bóliw eń ápiwayı bolıp esaplanadı.

1) Oronoimlar relief elementleri hám forması: tawlar, báletlikler, shoqqılar, tegislikler, batıqlar, alaplar hám basqalar.
2) Gidronimler-dáryalar, bulaqlar, kóller, teńizler, okeanlar, suw saqlaǵıshlar, kanallar.
3) Ósimlikler túrleri-toǵaylar, baǵlar hám basqalar.
4) Xalıq jasaytuǵın orınlar atı- qalalar, awıllar, jámaát xojalıqları hám basqalar. Qala hám awıllardaǵı kósheler, maydanlar hám basqalar.

Usı toparǵa geografiyalıq obiektlerdiń tiykarǵı bólegi kiredi, bıraq hámmesi emes. Aytıp ketiw orınlı, dáryalar atı menen tawlar, awıllar ataladı, yáki kerisinshe: Mısalı: Pskom atı menen dárya, taw hám awıl ataladı.

Ayrım klassifikaciyalarda atamanıń tùrles atları hám avtoatamalarǵa tiyisli bolıwına qarap bólinedi:

1) Relieftiń qandayda bir belgisine qarap berilgen atamalar Pyatigorsk qalası, Zubtsi ay -Petri.
2) Suw obiektleriniń belgilerine qarap berilgen atamalar: Qaradárya, Qızılsuw, Kislovodsk, Jeleznovodsk, Altıarıq rayonı hám basqalar.
3) Fitotoponimlar:Poselok, Lesnoy, Zeleniy Bar, (Minsk oblası), Dubno, Lipetsk, Karaganda, Taldiqorǵan, Gúlistan, Alma-Ata hám basqalar.
4) Zootoponimlar: Medvejegorsk (Kareliya), Mıń qus (Qırǵızstan), Moralbası (Sińtszyan), Olengorsk (Murmansk oblası) hám basqalar.
5) Antrotoponimler
6) Islep shıǵarıw toponimleri: Lesogorsk (Uzaq Shıǵıs),Mednogorsk (Orenbulrg), Nebit-Dag, Neftyanie Kamni, Temirtaw, Gazli, Keńtaw, Taskómir, Paxtakesh hám basqalar.
7) Sawda transport atlar. Bul atlar júdá qádimnen kelip shıqqan, jańa jollar, portlar qurılısı menen olardıń sanı artıp barmaqta. Qarasuwbazar (qırım) Bazarniy (Saratov), Navi Pazar (Yugoslaviya, Bolgariya), Ulli Jipek Jolı,

Port-Said hám basqalar.

8) Etnotoponimler.
9) Ideologik atamalar: din bayramları, Arxangelsk, Voskresensk, Spaskoe, Santo-Domingo, Sank-Peterbulrg, Bogdo-Ula (baǵda), Aqmazar (Tùrkmenstan) hám basqalar.

II. Basqa aymaqlardan alıp kelingen hám ózgertirilgen atamalar.

Dúnya kartasında olar júdá kóp. Filippin Respublikası-ispan ekspediciyası (1742-1747 yy.) komandiri R.A. Vilyalovos tárepinen ispan Filip II atına qoyılǵan. Vellington atına qoyılǵan. (Velikobritaniyanıń premer-ministri), Everest (Hindstan geodeziya komitetiniń baslıǵı), Sinczyan-jańa territoriya, Qıtay tártibine 1778-1779 jıllar kiritilgen, eski atı Dixua.

III. Tarıyxıy principke tiykarlanǵan atamalar.

Geografiyalıq atamalar belgili tarıyxıy dáwirlerde kelip shıqqan.Orta teńiz átirabi, Hindstan, Tùrkstanda mıń jıllar aldıńǵı atamalar saqlanǵan. Arktika hám Antarktidadaǵı atamalar bolsa júdá jas. Hár qaysı tarıyxıy dáwirdi toponimiyada oqıw múmkin. XVIII àsirdiń aqırlarında Rossiyanıń kóp qalalarında atamanıń aqırında grekshe-"Pol`" di (qala) kórinisinen kelip shıqqan. Mısalı: Simferopol, Se hám stopol, Staropol, Eski SSSR dáwirinde bolsa "gorsk" (Magnitogorsk, Muvetegorsk).

Hár qanday orın atamaların stratigrafik ùstinnen jaylastırıw múmkin. Bunday ústinlerdiń eń astında ele anıqlanbaǵan qatlam boladı. Bular júdá qádim dáwirden kelip shıqqan. Bunı Túrkstan mısalında kóriwimiz múmkin:

1) Eń tòmengi qádimgi qatlam-eramızǵa shekem kelip shıqqan toponimler. Buǵan házirge shekem kelip shıǵıwı tolıq belgili bolmaǵan substrat atamalar-Samarkand, Amul, Xiywalardı kórsetiw múmkin.
2) Onnan keyingi qatlam-qádimgi iran tilinen kelip shıqqan atamalar. Bul atamalardı qádimgi mádeniyatlı xalıqlar-xorezmliler, baqtriyalılar, soǵdlar

jaratqan. Demek Turkstan aymaǵındaǵı eń qádimgi atamalar iran tilinen kelip shıqqan. Olar óz betinshe hám ózgergen halda kóplep Turan tegisligi hám Tájikstannıń tawlı aymaqlarında, az ishki Tyan-shan hám Qazaqstanda ushratıladı. Bul atamalarǵa mısal qılıp, Xorezm, Ashǵabad, Balxan, Murǵab, Baxsh hám basqalardı kórsetiw múmkin.

3) Tájik-Pamir iran tilinen kelip shıqqan atamalar. Bul atamalardıń etimologiyası bir qansha túsinerli bolıp, oǵan mısal qılıp Langar, Sharjaw, Sharwaq, Suxrab, Dushanbe, Ferǵanalardı kórsetiw múmkin.
4) Eń úlken qatlam-túrk tilinen payda bolǵan. Bul atamalar tek Túrkstanda emes, bálki Awǵanstanda, Iranda, Batıs Qıtayda ushratıladi. Bul tilde júdá kóp atamalar kelip shıqqan: Qaraqum, Shatlıq, Qarataw, Aktaw, Aqsuw, Qızılqum, Jańajol hám basqalar.
5) Normalardıń tórtinshi qatlamı arab tilinen kelip shıqqan. Bul atamalar VII àsirden baslap arablar bul aymaqtı basıp alǵannan soń shıǵa baslaǵan. Mısal Djebel (Tùrkmenstanda) Arslanbaba, Vobkent, Pop (Ózbekstanda), Xisor dizbesi (Tájikstanda).
6) Monǵol tilinen kelip shıqqan atamalar. Bul atamalar XIII àsirden keyin kirip kelgen. Tùrkstannıń batıs aymaqlarında bunday atamalar júdá kem. Shıǵısında bolsa (Qırǵızstanda) bir qansha kóp. Mısal Djumgal, Kekemeren, Narın, Dadan, Jirqalan hám basqalar.
7) Slavyan tilinen kelip shıqqan atamalar-eń jas atamalar: Krasnovodsk. Bul tilden kelip shıqqan atamalar XIX àsirdiń ekinshi yarmınan baslap kóp payda bola basladı. Bul àsirde Rossiya hám Ukrainadan: Pokrovka, Ihámnovka, Slavyanka, Peski, Pereháml, Lomakino, Ursatevskaya hám basqalar.

IV. Tillerge baylanıslı atamalar.

Geografiyalıq atamalardı úyreniwde birinshi náwbette olar qaysı tilge tiyisliligine itibar beriledi. Házir dúnyada 55 mıńnan artıq tiller barlıǵı belgili bolǵan.

Lingvistika páninen belgili tiller, semyalar, toparlar hám bólek tillerge bólinedi.

Geografiyalıq atamalardıń tillerge tiyisliligin úyreniwde olardıń tómendegi qásiyelerin itibarǵa alıw kerek:

1) Hár qanday tildiń sózligi pánde waqıt ótiwi menen ózgerip baradı. Jańa sózler kelip shıǵadı. Eskileri qollanıwdan shıǵarıladı. Házir tilde qollanılmaytuǵın atamalar saqlanıp qaladı.
2) Xojalıq hám mádeniyattıń rawajlanıwı menen hár qanday tildiń sózlik quramı kóbeyip baradı. Hámme tildegi qádimgi atamalar ádette ápiwayı bolıp, obiekttiń ulıwma jaǵdayın berse, jańa atamalar mánisi jaǵınan bir qansha bay hám hár túrli boladı.
3) Hár qanday til jeke halda basqa tillerden ajralǵan halda jasamaydı, basqa tillerden kirgen sózler usı tildiń sózliginen kiredi. Olardıń basqa tillerden kirgenligi waqıt ótiwi menen umıtıladı.
4) Hár qanday tildiń aymaqlıq tarqalıwı barqulla ózgerip baradı. Aqırǵı 4-5 àsirlerde ingliz, ispan, rus, arab, túrk tillerindegi sózler keńeydi, kishi tillerdiń arealları qısqarıp baradı. Bazıları pútkilley joq bolıp ketedi.

Demek toponimikada jańa klassifaciya joq. Quramalı klassifikaciya da tiykarǵı sorawǵa juwap beriwi kerek:

1) Ne, qanday obiekt (dárya, taw, qala, awıl hám basqalar)
2) Qaysı tilde (Rus, ózbek hám basqalar)
3) Nege, sebebi hám atamaniń mazmunı.

## 2.2.Toponimikalıq izetlewler usılları

Toponimika páninde izetlew usılları házirge shekem tolıq islep shıǵılmaǵan. Tek ayrım bir usıllar bar, olardan izetlewshiler paydalanbaqta. Belgili aymaqtıń geografiyalıq atamaları túrli jaǵdaylarda úyreniledi.

1) Atamalardıń qanday geografiyalıq obiektlerge (taw, dárya, qala, awıl hám basqalar) baylanısı
2) Geografiyalıq obiektler atamanıń kelip shıǵıw waqtı hám sebepleri.
3) Geografiyalıq obiektlerdiń qaysı tilge tiyisliligi.
4) Geografiyalıq atamalardıń mazmunı hám etimologiyası (kelip shıǵıwı)
5) Geografiyalıq atamalardıń morfologiyası, sebebi atamalar-bul sózler, sonıń ushın sózler hár qanday tildiń grammatikalıq qaǵıydalarına boysınıwı kerek.
6) Geografiyalıq atamalar tarqalǵan aymaqlar, olardıń migracion jolları.

Bul ahwallardı úyreniw bir usıl menen ámelge aspaydı. Bir qansha usıllardı qollaw kerek boladı. Bular tómendegishe:

1) *Tarıyxıy usıl.* Tarıyxıy tùsinikti qollap, atamalardıń kelip shıǵıw evolyuciyası, ózgeriwi hám jańa atamalardıń kelip shıǵıwın socillıq jaǵdaydı úyreniw kerek. Toponomist alım A.P. Popov geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıw tarıyxıy shárayatın bilmey turıp, olardıń payda bolıwın anıqlaw múmkin emes.
2) Lingvistikalıq usıllar. Bular geografiyalıq atamalardı túsiniwge úlken járdem beredi. Bulardan eń tiykarǵısı etimologik usıl (sózlerdiń kelip shıǵıwı)
3) Kartografiyalıq usıllar. Bul usıl járdeminde geografiyalıq obiektlerdi hám atamalardıń tarqalıwı hám shegaraların úyreniw múmkin.
4) Statistik usıllar. Bul usıl járdeminde belgili aymaqtaǵı geografiyalıq atamalardıń forması, kelip shıǵıwı, qaysı tilge tiyisliligin, sanın úyreniledi.

   Toponimik usıllardı alıp barıwda, bul izetlewlerden birgelikte paydalanıw kerek.

   Toponimik izetlewler alıp barıwda tómendegi maǵlıwmatlardan birgelikte

paydalanıw kerek:

1) Dala-jergilikli maǵlıwmatlar. Bul maǵlıwmatlar geografiyalıq atamalardı geografiyalıq obiektlerdi qásiyetlerine tuwrı keliwi, karta hám maǵlıwmatlarda ushratılmaytuǵın atamalardı, olardıń aytılıwına járdem beredi.
2) Jazba maǵlıwmatlar. Bularǵa rus jınamaları, ustav hújjetleri (jarlıqlar), túrli yuridik hújjetler, kartalar, arxiv hújjetleri, maǵlıwmatnamalar hám basqalar kiredi.

Belgili aymaqtıń toponimlerin úyreniwde tómendegi qaǵiydalarǵa boysınıw kerek:

1) Aymaqtı jaqsı biletuǵın informatordı tabıw. Qariyalar kóp atamalardı jaqsı biledi. Olar menen sáwbetlesiw kerek. Bir neshe qariyalar menen sáwbetlesip, olardıń juwapların salıstırıw lazım.
2) Aymaqtaǵı bar bárshe atamalardı, hátte eń kishi mikropotonimlerdi jazıp barıw kerek.

Hár qanday aymaqta toponimik izetlewler alıp barılǵanda minimum tómendegi sorawlarǵa juwap beriwi kerek:

1. Geografiyalıq obiektlerdiń túri (dárya, kól, awıl).
2. Geografiyalıq obiektlerdiń házirgi atı.
3. Mazkur geografiyalıq obiektti basqa atı barlıǵı, ótken dawirlerde basqa atı bolǵanlıǵı.
4. Geografiyalıq at qaysı dawirden málim
5. Bir geografiyalıq obiekttiń atı, onı jaqında qaytarılǵanlıǵı.
6. Jergilikli xalıq atamanıń mazmunın qanday túsinedi. Bunı jıynalǵan maǵlıwmatlar tastıqlawı.

Toplanǵan geografiyalıq atamalardıń hár qaysısı ushın óz aldına kartoshka qılınıp, oǵan bárshe maǵlıwmatlar jazıladı.

Joqarıda dúnyada 3 mıńnan artıq tiller barlıǵın kórsetip ótken edik. Bul tillerdiń bárshesinde geografiyalıq atamalar bar. Hár qaysı tilde geografiyalıq

atamalardı jazıw qaǵıydaları bar. Bul qaǵıydalardı baylanıs, transport, sırtqı sawda, diplomatik xizmetkerler, izetlewshiler biliwleri shárt.

Rus, ingliz, nemis, francuz hám basqa mámleketler kartografları jer júzindegi dúzilgen kartalardı jıynap, atlasın dúzgen. Geografiyalıq atamalar túrli tillerde dúzilgen enciklopediyalarda da bar. Evropa mámleketleri kartografları ortasında usınday dástúr bar, qaysı bir mámleket kartasında atamalar qanday jazılǵan bolsa, sonday kóshirip jazıladı hám oqıladı. Bıraq Rossiyada baspadan shıǵarılǵan kartalarda kóp atamalar ózgertirilip, túrlishe jazılǵan. Mısalı: “Shagdagskiy xrebet” haqıyqatında “Shohtaw”, “Angren”-haqıyqatında “Oxangaron” bolıp tabıladı.Tómendegi geografiyalıq atamalardıń rus hám ózbek tillerinde jazılıw qaǵıydaları haqqında aytıp ótsek:

I. Geografiyalıq atamalardıń óz aldına jazılıwı:

1) Eger geografiyalıq atamalar kelbetlik, san hám atlıqlardan payda bolǵan. Mısalı: Dhám Brata atawı, Dobroy Nadejdi tumsıǵı.

2) Eki atlıqtan payda bolıp, ekinshi at iyelik sepliginde bolsa. Mısalı: “Vojd Proletariata”.

3)Kelbetlikler “bolshoy”, “verxina”, “noviy” menen birge kelse Mısalı: Bolshoe, Medveje teńizi, UelVerxnee Lebyaje.

4)Atamalar adamlar atı hám familiyasınan quralǵan bolsa. Mısalı: Dimitriya Laptepler atawı.

II. Geografiyalıq atamalardıń defis (sóz arasına qoyılatuǵın qısqa sızıq) járdeminde jazılıwı:

1) Eki atlıq ataw sepliginde bolsa. Mısalı: Orexovo-Zuevo, Priston Prjevalskiy

2) Eki kelbetlikten quralǵan bolsa. Mısalı: Ilinskoe-Xohámnskoe.

3) Altıq hám kelbetlikten quralǵan bolsa Mısalı: Petropavlovsk-Kamshatskiy, Aleksandrovsik-Saxalinskiy, Kamenets-Podolsk.

4) Birinshi bóleginde eki teń huquqlı sóz dawıslı sesler “O”, yáki “e” menen juwmaqlansa. Mısalı: Volino-Donskiy kanalı.

5) Birinshi bóleginde eki teń huquqlı sóz “-sk”, “-tsk” suffiksleri menen juwmaqlansa . Mısalı: Oksko-Donskaya tegisligi.

6) Geografiyalıq atamalar: 1.“vostochno”, “zapadno”, “severis”, “yujno”- sózleri menen baslanıssa. Mısalı: Vostochno-Sibirskoe teńizi, Zapadno-Sibirskaya tegisligi,Yujno-Saxalinsk. 2.“Verx”, “ust`”-sózler menen baslansa. Mısalı: Poselok Verx-Neyvinsk (Sverdlovskaya obl.), Ust-Ilimsk, Ust-Kamshatsk.

Defis járdeminde barlıq quramalı shet tilindegi geografiyalıq atamalar. Mısalı: Karlovo-Hámri, Los-Anjeles, San-Francisko da jazıladı.

III. Geografiyalıq atamalardıń qosıp jazılıwı:

1) Atamalar “novo”, “staro”, “krasno”, “bolshe”, “veliyu”, “malo”, “verxo”, “gorno”, “verxnee”, “Nijnee”, “sredne”, “tsentralno”. Mısalı: Novosibirsk, Stardub, Krasnodon, Bolsheretsk, Velikomixaylovsk, Malozemelskaya tundra, Verxoyansk,Gornozavodsk, Vernokalimskoe nagore, Nijneobskaya nizmennost, Sredneuralsk, Centralno Afrikanskaya Respublika.

2) Bir sóz ekinshi sózdi anıqlasa. Mısalı: Belogore, Kislovodsk, Petrodvorets.

3) Quramalı sózler qısqartılıp jazılsa. Mısalı: ZAGS.

4) San menen baslanġan atamalar. Mısalı: Pyatigorsk, Semireshe.

5) Atamalar “-grad”, “-gorod”, “-dar”, “-pol”, “-polye”.Mısalı: Kaliningrad, Zevinogorod, Krasnodar, Sehámstopol, Krasnopolye.

6) Barlıq geografiyalıq atamalardıń atın jazıw úlken hárip penen baslanadı. Mısalı: Moskva, Tashkent.

Atamalar bir neshe sózlerden quralġan bolsa, óz aldına eki defis penen jazıladı. Mısalı: Rostov–na-Donu, Frankfurt-na-Mayne, Dar-es-Salam.

“Zemlya” sózi atawlar hám teńiz bóyı aymaqlarında barlıq waqıtta úlken hárip penen jazıladı. Mısalı: Severnaya Zemlya, Zemlya Frantsa-Iosifa.

Ózbekstan aymaġında ushraytuġın orınlar hám tàbiyiy-geografiyalıq obiektlerdiń atamaları sózlik quramına góre bir qansha quramalı bolıp, onda ózbekshe atamalar menen bir qatarda pars-tájik tilinen, arab tilinen, monġol,

slavyan hám basqa tillerden kirgen sózlerden jasalǵan toponimler ushraydı. Sonday-aq bul aymaqta túrli tarıyxıy dáwirlerde payda bolǵan. Óz til qásiyetlerine góre tájik, arab, qazaq, qırǵız, túrkmen, rus tillerine tiyisli atamalar da bar. Keltirilgen qásiyetler Ózbekstan aymaǵındaǵı geografiyalıq atamalardıń jazılıwına tek ózbek tiliniń imla atamalarınan talaplarınan kelip shıqqan halda, bir túr miyzan hám ólshewler menen sheshiw múmkin emesligin kórsetedi. Geografiyalıq atamalardıń formaların belgilewde, bir tárepten ózbek tiliniń óz qatlam atamalarına, ekinshi tárepten ózbek tiline ózge tillerden ózlesgen atamalarǵa óz aldına jantasıwdı talap etedi. Sonıń ushın toponimler sózligi házirge shekem sheshilmegen mashqalalardan biri bolıp esaplanadı. Usı sebepli toponimler sózligine baylanıslı bolǵan ayrım talap hám principlerdi payda etemiz:

1. Geografiyalıq atamalar bir formada Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik tili-ózbek tilinde jazıladı.
2. Geografiyalıq atamalardıń sózligi formasın belgilewde ózbek tarıyxıy toponimiyasınıń sózligi dástúrlerine, orın atına tiyisli bolǵan xalıq, tiliniń jergilikli-milliy til qásiyetlerine tayanadi.
3. Geografiyalıq atamalar tolıq aytılıp, tolıq formada jazıladı. Toponimlerdi qısqartpa sóz formasında jazıw nadurıs.
4. Geografiyalıq atamalar san menen emes, sóz benen jazıladı.
5. Geografiyalıq atamalar sózligine ayrım qásiyetler: atamalardı qostırnaq ishine alıw, yáki almaslıq, qospa toponimlerdi qosıp yáki ajıratıp jazıw, tolıq yáki qısqartırıp jazıwǵa tiyisli qaǵıydalar orın atamalarınıń sózligi hám transkripciyasına tiyisli arnawlı orın atamalarınıń sózlik hám maǵlıwmatlarda kórsetip beriledi.

## Juwmaqlaw

Geografiyalıq atamalar xalıq tiliniń úlken tarıyxıy milliy baylıǵı kelbetinde qolǵa kiritiliwi kerek. Sonıń ushın geografiyalıq atamalardıń bay materialların toplaw, olarǵa abaylap qarım qatnas jasaw hám olardı asıraw mámleketlik zárúriyatqa iye bolıp tabıladı.

Kóp izetleniw kerek dep tarıyxıy atamalar túsiniledi. Qorǵalıwı lazım atamalar haqqında gáp ketkende hár bir atamaǵa bólek qatnasta bolıw lazım.

Geografiyalıq atamalardı qorǵawdıń tiykarǵı usıllarınan biri, adamlardı orın hám geografiyalıq obiektlerdiń atına tuwrı múnasebette bolıw kerek. Bunıń tiykarǵı shártlerinen biri geografiyalıq atamalardı orınsız, jeterli negizlersiz ózgerttirmew bolıp esaplanadı. Bul geografiyalıq atamalardıń turǵınlıǵı qádimgi atamalardıń qatnası joqlıǵın táminleydi. Qádimgi tarıyxıy stratigrafik qatlamlardı saqlaw hám asırawda ornı úlken.

Geografiyalıq obiektlerge atama beriw jumısı pútkilley quramalı hám sıyasıy qaraslardı bildiriwshi hám taratıwshı quralǵa aylanıp ketpewi kerek. Geografiyalıq atamalar xalıq hám mámleket jaǵdaylarına tuwrı keliwshi obiektiv hám nızamlı waqıtlardı bildiriwge belgili dárejeda xizmet qılıwı múmkin.Geografiyalıq atamalardı qorǵaw jumısı ótmishte túrli sebeplerge kóre, kóp jaǵdayda toponimik zuǵım sebepli paydalanıwdan shıqqan hám umıtılǵan atamalardı qaytadan tiklewdey áhimiyetli wazıypanı da óz ishine aladı.

Qandayda bir tarıyxıy atamanı tiklew bir waqıtları bul atama ornına kelgen nadurıs atamanı joq qılıwdı talap etedi. Shoralar dáwirinda Ózbekstan kóp geografiyalıq obiektler (qala, awıl, máhálle hám basq.) sol dáwir ideyasına tuwrı keletuǵın atamalar menen almastırılǵan. Házirde usı keri jaǵdaydıń aqibetleri tamamlanıp, óz tarıyxıy atamaları tiklenbekte.

Keyingi jıllarda Tashkent qalasında Qoqandárwaza, Qushbegi, Qarajol, Qashqar, Jalanǵash, Kunchiler sıyaqlı bir qatar atamalar tiklendi. Bular qatarına Tashkenttegi tàbiyiy-geografiyalıq qásiyetlerdi ańlatıwshı Qumbulaq, Tepamajid,

Qoshqorġan, Tórtjap, Issısuw, Dáryaboyı, Belarıq kósheleri sıyaqlı atamalardı qosıw múmkin.Tashkent qalası toponimiyası diziminde keyingi jıllarda payda bolġan Shıraq, Sayram, Tumaris, Ullı Jipek Jolı, Ferġana jolı, Asaka, "Turan" kinoteatri, "Tùrkstan" sarayı, Amir Temur gúzari kóshesi, Mırza Uluġbek rayonı, metro stanciyası, Bobur baġı hám basqa atamalar ózbek toponimiyasında júzege kelgen jańa principlerdi hám dástúrlerdi sáwlelendire aladı.

Tarıyxıy geografiyalıq atamalardı asırawdıń tuwrı jolı belgili aymaqlarda "Toponimik qorıqxana" dep járiyalaw bolıp tabıladı, lekin Ózbekstannıń bir aymaġın usı ilajlar átrapında kiritpew nadurıs, sebebi tarıyxıy-milliy áhimiyetke iye geografiyalıq atamalar hár bir aymaqta bar, bir aymaqta kóp, basqa aymaqlarda kem bolıwı múmkin. Tarıyxıy atamalar hár eki jaġdayda da qorġanıwı shárt. Demek toponimik qorıqxana túsinigi Respublikanıń barlıq aymaqları ushın tiyisli.

Ózbekstan aymaġındaġı geografiyalıq atamalardı qorġawdı tómendegi jollar menen ámelge asırıw múmkin:

Orınlardı atamalar, olar atın ózgerttiriw isine juwapkershilik penen jandasıw.

Orınlardıń burınan payda bolġan tarıyxıy dástúriy atamaların jeterli negizsizlersiz ózgerttirmew

Orinlarına tarıyxıy hám mádeniyat esteligi ataġın beriw.

Geografiyalıq atamalardı mámleket qorġawına alıw.

Hár bir wálayatlar, rayon, qalalar aymaġında bar tarıyxıy milliy áhmiyetke iye atamalardıń "qızıl kitabı" n dúziw.

Hár bir wálayat, rayon hám qalalar aymaġındaġı geografiyalıq atamalardı anıqlaw, olardıń esabın alıw hám alipbe tártibinde dizimlerin dúziw.

Hár bir wálayat, rayon hám qalalarda usı geografiyalıq orınġa tiyisli bolġan atamalardıń kartotekasın dúziw. Bul jumıstıń aqırında "Ózbekstan toponimleriniń oraylasqan kartotekasin" dúziw menen juwmaqlanadı.

Orın atamaların úyreniw hám olar haqqındaġı bilimlerdi taratıwġa

qaratılǵan ilimiy-ámeliy anjuman, seminarlar, dàwir sáwbetleri, ilmiy, baylanıslar ótkeriw.

Geografiyalıq atamalar olardıń áhmiyetin keń jámáátshilikke túsindiriwge xizmet qılatuǵın ilimiy ámeliy kitaplar, sózlikler, maǵlıwmatnamalar, plakatlar, markalar tayyarlaw hám baspadan shıǵarıw.

Keń jámáátshilikte geografiyalıq atamalarǵa húrmet hám tuwrı qatnasta bolıw mádeniyatın tàrbiyalaw. Bunda ǵalaba xabar quralları hám baspalardan, radio, televideniyeden hám jámáátshilik oraylarınan paydalanıw.

Geografiyalıq atamalardıń belgili aymaǵı "qızıl kitabı" (Respublika, wálayat, rayon, qala,) payda etiw úlken áhmiyetke iye. Bul rásmiy hújjet. Bunday kitaptı dúziwden maqset, xalıqtıń uzaq ótmishinen derek beriwshi tarıyxıy, mádeniy hám ruwxıy miyrası sıpatında asıraw hám qorǵawdan ibarat.

# O`MIR QA`WIPSIZLIGI

O`zbekstan Respublikasi Ministrler Ken`esinin` 19.07.2011 j. №208 sanli «Xaliqti jer silkiniwler aqibetinde payda bolatug`in ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen tu`rdegi) ha`reket etiwge tayarlaw kompleks da`stu`rin tastiqlaw hakkinda»g`i qarari, Joqari ha`m orta arnawli bilimlendiriw ministrliginin` 22.07.2011 j. №310 sanli buyrig`in basshiliqka alinip ha`m orinlaw maqsteinde A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogika instituti rektorati buyrig`i (25.12.2012 j. №601 D/1) tiykarinda «O`mir qa`wipsizligi» pa`ni barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistrlik dissertatsiya jumisi ha`m bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumislarin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

“Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r” (I. Karimov. O`zbekstan XXI  a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`mleket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i obektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

1990–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq obektlerdi isten shig`ariwg`a

qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaki qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaki alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaki basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faktorlar

ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

*O`zbekstan Respublikasi nizamlari:*

Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

Puxaraliq qorg`aniw haqqinda (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS keselliginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, keselliktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda (2000 jil 15 dekabr) – 6 bo`lim ha`m 31 statyadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

Qa`wipli islep shig`ariw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw obektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

O`zbekstan Respublikasi MK (1997 jil 27 dekabr`) №558-sanli qarari «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda ha`reket etiwde ma`mleketlik dizimi haqqinda»g`i qarari menen biykar etilip bul qarar qaytadan 2011 jil 24 avgustta O`zbekstan Respublikasi MK №242-sanli «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda

ha`reket etiwdin` ma`mleketlik dizimi jumislarin bunnan bilay jetilistiriw» haqqinda qarari menen toliqtirilip qayta shiqti.

O`zbekstan Respublikasi (2011 jil 19 iyul`) №208-sanli qarari «Xaliqti jer silkiniwler na`tiyjesinde payda boliw mu`mkin bolg`an ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen) ha`reket etiwge u`yretiwdin` kompleks da`stu`rin tastiyiqlaw» haqqinda qarari tiykarinda barliq orinlarda ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiyadin` kompleks da`sturleri islenip shig`ilip, oqiw mashqulatlari alip barilmaqta.

*O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:*

Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda (2007 jil 19 fevral, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

*O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:*

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda (1996 jil 11 aprel, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda (1997 jil 23 dekabr, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda (1998 jil 7 oktyabr 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw

sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda (1998 jil 27 oktyabr, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda (1996 jil 18 yanvar, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke saliw maqsetinde qabil etilgen.

G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda (2003 jil 13 yanvar, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda (2007 jil 3 aprel, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen. Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a “O`mir qa`wipsizligi” pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar.

1. Мирзоев Ш.М. “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Харакатлар стратегияси тўғрисида” Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 й. 7-февралдаги ПФ-4947 фармони.
   Qoraev S. Toponimika. -T.: 2006. -320 b.
2. «Tanqidiy tahlil, qat`iy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik –har bir rahbar faoliyatining kundali qoidasi bo`lishi kerak» O`zbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoevning mamlakatimizni 2016-yilda ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirishning asosiy yakunlari va 2017 yilga mo`ljallangan iqtisodiy dasturning eng muhim ustuvor yo`nalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasining kengaytirilgan majlisidagi ma`ruzasi **Ma`rifat gazetasi №5 (8966) soni 2017 yil 18-yanvar`.**
3. Karimov I.A. «Yuksak ma`naviyat – engilmas kuch» - T,: Ma`naviyat 2008.
4. Juchkaev V.A. Obshaya toponimika. Minsk. 1980- jil.
5. Murzaev E.M. Ocherki toponimiki. Moskhám 1974- jil.
6. Murzaev E.M. Geografiya v nazhámniyax. Moskhám. 1982-jil.
7. Popov A.I. Geograficheskie nazhámniya. Vvedeniya v toponimiku. Moskva, 1982- jil.
8. Pospelov E.M. Toponimika v shkol`noy geografii. Moskva, 1981- jil.
9. Pospelov E.M. Shkol`niy toponimicheskiy slovar`. M, 1988 -jil.
10. Superanskaya A.V. Chto takoe toponimika? Moskva 1987 -jil.
11. Xasanov X. Orta Aziyaliq geograf va turistler. Tashkent 1967 -jil.
12. Xasanov X.Jer tili. Tashkent 1977-jil.
13. Xasanov X. Geografiyalıq atamalar jazilmasi. Tashkent, 1962-jil.
14. Xasanov X. Geografiyalıq atamalar sózligi. Tashkent 1964 -jil
15. Xasanov X. Geografiyalıq atamalar siri. Tashkent, 1987-jil.
16. Qoraev S. Toponimika-orin atamaları haqqindaği pán. Tashkent, 1980j
17. Qoraev S. Toponimika Ózbekstanda, Tashkent 1991 -jil
18. Qoraev S. Tashkent toponimleri, Tashkent 1991 -jil.
19. Qoraev S. Geografiyalıq atamalar mánisi. Tashkent 1994 -jil.
20. Oxunov N. Orin atamaları tábiri. Tashkent, 1994 -jil.
21. Ġulomov P. Jóğrofiy atamalar va túsindirmeler sózligi. T. 1994-jil.

22. Mirartik Mirabdulla uli. Jóġrofiy atamalar sózligi. Tashkent 1992 -jil.

23. Ernest Begmatov. Orin atamaları –ruwxiyliq aynasi. Tashkent, 1998 -jil.

**Internet sayt:**

uikipedia.org
ugeo. ru
geografiya. ru